

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Kurangna pangaweruh siswa dina nyangkem léksikon basa Sunda jadi salah sahiji masalah anu aya di sakola-sakola sabudeureun Jawa Barat mangsa kiwari. Padahal basa Sunda mangrupa basa asli masarakat Jawa Barat anu perlu rumat hirup kumbuhna.

Dina taun 2003, Gubernur Jawa Barat ngaluarkeun Peraturan Daérah Provinsi Jawa Barat No. 5 taun 2003 ngeunaan *Pemeliharaan Bahasa, Sastra, dan Aksara Daérah, yang menetapkan bahasa Daérah, antara lain bahasa Sunda, diajarkan di pendidikan dasar di Jawa Barat*; maksudna, basa Sunda kudu diajarkeun di sakola-sakola, ti mimiti Taman Kanak-kanak (TK)/Raudhatul Athfal (RA), Sekolah Dasar (SD)/Madrasah Ibtidaiyah (MI), Sekolah Menengah Pertama (SMP)/Madrasah Tsanawiyah (MTs), nepi ka Sekolah Menengah Atas (SMA)/Sekolah Menengah Kejuruan (SMK)/Madrasah Aliyah (MA). Hanjakalna éta peraturan téh teu lulus banglus dina prak-prakanana di lapangan.

Kondisi pangajaran basa Sunda di kota Bandung ogé masih jauh tina nyugemakeun, padahal Bandung mangrupa puseur pamaréntahan Jawa Barat. Réa guru basa Sunda di kota Bandung anu nyebutkeun kurangna kamampuh siswa dina ngagunakeun basa Sunda. Ieu hal téh salah sahiji faktorna disababkeun ku peroléhan basa indungna (B1) lain basa Sunda. Salah sahiji contona baé, tina data anu dicangking di SMA 3 Bandung taun ajaran 2011-2012 aya 21,70 % siswa

SMA kelas XI anu teu bisa nyarita ngagunakeun basa Sunda balukar tina B1-na lain basa Sunda téa, sarta jumlah perséntase pangréana aya di kelas XI IPA 9 nya éta 44,44%, sakumaha anu diwincik dina tabél ieu di handap.

Tabél 1.1
Tabél Kamampuh Siswa dina Nyarita Maké Basa Sunda
Taun Ajaran 2011-2012

Kelas	Kasang tukang		Jumlah nu teu bisa basa Sunda	Jumlah siswa/kelas	Perséntase jumlah nu teu bisa basa Sunda
	Lain urang Sunda	Urang Sunda			
XI IPA 1	7	-	7	32	21,87%
XI IPA 2	6	2	8	32	25%
XI IPA 3	4	1	5	32	15,62%
XI IPA 4	2	-	2	34	5,88%
XI IPA 5	2	-	2	34	5,88%
XI IPA 6	8	1	9	35	25,71%
XI IPA 7	8	6	12	35	40%
XI IPA 8	3	2	5	36	13,89%
XI IPA 9	8	8	16	36	44,44%
XI IPS	1	-	1	12	8,33%

Padahal nurutkeun Tarigan (2007: 2), tujuan tina pangajaran basa nya éta siswa parigel ngagunakeun basa, boh parigel dina ngaregepkeun, parigel nyarita, parigel maca, boh parigel nulis. Kualitas kaparigelan ngagunakeun basa hiji jalma gumantung kana kuantitas jeung kualitas léksikon (kandaga kecap) anu dipimilikna. Beuki loba léksikon anu dipimilik ku hiji jalma, bakal beuki gedé ogé kamungkinan éta jalma parigel dina ngagunakeun hiji basa. Ku kituna, pangaweruh ngeunaan léksikon ieu jadi unsur puseur dina kaparigelan basa.

Nilik kana masalah nu diébréhkeun di luhur, B1 anu lain basa Sunda ieu jadi cukang lantaran héngkérna pangaweruh léksikon basa Sunda siswa-siswa di sakola-sakola di kota Bandung mangsa kiwari.

Pikeun narékahanana, dibutuhkeun pangajar anu rancagé sarta modél-modél pangajaran anu éféktif pikeun digunakeun dina pangajaran basa Sunda di SMA, utamana modél pangajaran anu bisa nambahan pangaweruh siswa kana léksikon basa Sunda anu ngawengku léksikon dasar (*basic vocabulary*) saperti: istilah-istilah pancakaki, ngaran-ngaran babagian awak, kecap sulur, kecap bilangan poko, kecap pagawéan poko, kecap kaayaan poko, sarta barang-barang sacara universal.

Dumasar kana ébréhan di luhur, ieu panalungtikan anu dibéré judul: “Modél *Memorization (Mnemonic)* pikeun Ngarajatkeun Pangaweruh Léksikon Siswa Kelas XI SMA, (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas XI IPA 9 SMA 3 Bandung Taun Ajaran 2011-2012)”, perlu dilaksanakeun.

1.2 Watesan Jeung Rumusan Masalah

Dina ieu bagian dipedar ngeunaan watesan jeung rumusan masalah dina ieu panalungtikan, sakumaha anu dipedar ieu di handap.

1.2.1 Watesan Masalah

Kaparigelan basa (ngaregepkeun, ngarita, maca, jeung nulis) téh kacida legana, mangka diperlukeun hiji watesan masalah sangkan ieu panalungtikan anu dilaksanakeun bisa museur. Ku kituna, ieu panalungtikan téh, leuwih museurkeun objék panalungtikanana kana kaéféktifan modél pangajaran *memorization (mnemonic)* dina ngaronjatkeun pangaweruh léksikon anu ngawengku léksikon dasar (*basic vocabulary*) saperti: istilah-istilah pancakaki, ngaran-ngaran babagian

awak, kecap pagawéan poko, kecap kaayaan poko, sarta barang-barang sacara universal ka siswa SMA kelas XI IPA 9 SMA Negeri 3 Bandung taun ajaran 2011-2012.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah tadi, nu jadi masalah dina ieu panalungtikan téh dirumuskan dina kalimah pananya ieu di handap.

- a. Kumaha prak-prakan modél pangajaran *memorization (mnemonik)*?
- b. Kumaha pangaweruh léksikon basa Sunda siswa kelas XI IPA 9 SMA Negeri 3 Bandung taun ajaran 2011-2012 saméméh ngagunakeun modél *memorization (mnemonik)*?
- c. Kumaha pangaweruh léksikon basa Sunda siswa kelas XI IPA 9 SMA Negeri 3 Bandung taun ajaran 2011-2012 sabada ngagunakeun modél *memorization (mnemonik)*?
- d. Naha modél *memorization (mnemonik)* éféktif pikeun ngaronjatkeun pangaweruh léksikon basa Sunda siswa SMA kelas XI IPA 9 SMA Negeri 3 Bandung taun ajaran 2011-2012?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Tujuan dina ieu panalungtikan ngawengku kana tujuan umum jeung tujuan husus, nya éta sakumaha anu dipedar ieu di handap.

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum dilaksanakeunna ieu panalungtikan téh miboga tujuan pikeun nambahan référénsi ngeunaan kaéféktifan modél pangajaran basa anu bisa dilaksanakeun di sakola-sakola utamana dina pangajaran basa Sunda.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun;

- a. prak-prakan tina modél pangajaran *memorization (mnemonik)*;
- b. pangaweruh léksikon basa Sunda siswa kelas XI IPA 9 SMA Negeri 3 Bandung taun ajaran 2011-2012 saméméh ngagunakeun modél *memorization (mnemonik)*;
- c. pangaweruh léksikon basa Sunda siswa kelas XI IPA 9 SMA Negeri 3 Bandung taun ajaran 2011-2012 sabada ngagunakeun modél *memorization (mnemonik)*; sarta
- d. tingkat kaéféktifan modél *memorization (mnemonik)* dina ngaronjatkeun pangaweruh léksikon basa Sunda siswa kelas XI IPA 9 SMA Negeri 3 Bandung taun ajaran 2011-2012.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat tina ieu panalungtikan ngawengku mangpaat teoritis jeung mangpaat praktis, sakumaha anu dipedar ieu di handap.

1.4.1 Manfaat Tioritis

Sacara tioritis, ieu panalungtikan téh dipiharep bisa méré pangdeudeul pikeun élmu pangaweruh utamana dina ngamekarkeun kaéfektifan modél pangajaran basa jeung sastra Sunda pikeun ngaronjatkeun pangaweruh léksikon basa Sunda murid kelas XI SMA.

1.4.2 Manfaat Praktis

Sacara praktisna, ieu panalungtikan téh bisa mangpaat pikeun guru, sarta pikeun peserta didik.

a. Pikeun guru

Mangpaat anu bisa dihontal ku guru nya éta, pikeun nambahan kabeungharan modél pangajaran basa Sunda, sarta bisa jadi salah sahiji alternatif modél pangajaran anu bisa digunakeun di kelas.

b. Pikeun peserta didik

Pikeun peserta didik ieu panalungtikan téh bisa jadi modél atawa cara diajar anu ngirut ati sangkan peserta didik kamotivasi pikeun terus diajar ngaronjatkeun pangaweruh léksikonna dina pangajaran basa Sunda.

1.5 Raraga Tulisan

Sistematika panulisan dina ieu skripsi diwangun ku lima bab utama anu eusi tiap bab-na nya éta: (1) Bab I mangrupa bagian bubuka dina skripsi anu ngébréhkeun ngeunaan kasang tukang tina masalah anu baris ditalungtik, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan boh anu ngawengku mangpaat praktis boh mangpaat tioritis, sarta raraga tulisan dina ieu skripsi; (2) Bab II mangrupa bagian skripsi anu ngébréhkeun ngeunaan tatapakan tiori jeung rangkéy tiori anu digunakeun dina panalungtikan, asumsi sarta hipotésis tina panalungtikan anu dilaksanakeun; (3) Bab III mangrupa bagian skripsi anu ngébréhkeun ngeunaan métodologi anu digunakeun dina ieu panalungtikan, boh jenis métode panalungtikan boh cara prak-prakan ngolah data tina hasil panalungtikan, sumber data anu digunakeun dina panalungtikan, desain, définisi operasional, ogé instrumén panaluntikanana; (4) Bab IV mangrupa bagian skripsi anu ngebréhkeun ngeunaan prak-prakan tina modél anu ditalungtik, ngaanalisis data hasil panalungtikan, jeung medar kaéfektifan modél dumasar kana tiori anu diébréhkeun dina bab II; sarta (5) Bab V mangrupa bagian panutup tina skripsi anu ngébréhkeun ngeunaan kacindekan tina hasil panalungtikan sarta saran atawa rékomendasi-rékomendasi pikeun panalungtikan anu dilaksanakeun sabada ieu panalungtikan.